**муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**средняя общеобразовательная школа № 31**

Утверждено на заседании МО
учителей осетинского языка
и литературы
Чараева Т.Ц.
от 28.08. 2023 протокол № 1

Утверждаю
Директор МБОУ СОШ № 31
З.А.Варзиева
28.08.2023 протокол № 1

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА по Осетинской литературе для учащихся 6-х классов по УПМ «Ирон литературæ»

автор – Дзасохова Ф. К.

(2023-2024 учебный год)

## Æмбарынгæнæн фыстæг

Программæ арæзт у Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæйы бындурыл .

Адæмы монон царды кæддæриддæр стыр ахадындзинад уыдис фольклор æмæ аив литературæйæн. Уыдоны нывæфтыд æрцыд сæ цард, сæ историйы ахсджиагдæр цаутæ, сæ зонадон фæлтæрддзинад. Уыдоны ис зонды суадон, ныхасы фидауц æмæ бæрзонд идейæтæ. Дзырдаивадæн йæ нысаниуæг фæуæлдæр ис нæ рæстæджы. Уый рæзгæ фæлтæры хъомыл кæны гуманизм æмæ граждайнаг идеалтыл, фидар кæны адæмы удварн, уымæй рæзынц монон æмæ культурон традицитæ. Уымæ гæсгæ скъолайы куысты ахъаззагдæр у литературæ ахуыр кæнын.

## Программæйы нысан æмæ хæстæ

6-æм къласы ирон литературæйæ скъоладзаутæ ахуыр кæнынц фольклор æмæ литературæйæ хицæн уацмыстæ. Уыдон сты аив, мидисджын, скъоладзау йæ кармæ гæсгæ кæй бамбардзæн, ахæмтæ.

Ирон литературæ ахуыр кæныны *сæйрагдæр нысантæ сты:* зонындзинæдтæ раттын ирон литературæйæ аивадон тексты бындурыл; литературон уацмыс анализ кæныны зонындзинæдтæ арфдæр кæнын; аивадон уацмыстæ кæсыны културæ рæзын кæнын. Уыимæ стыр нысаниуæг ис аивадон литературæйы фæрцы удварны хъомылады фарстатыл кусын, абоны рæстæгæн аргъ кæнын зонын; æгъдау, кад, намыс, патриотизм æмæ граждайнаг хæстæ цы сты, уый зонын; гуманон дунембарынад æмæ национ химбарынадæй хайджын кæнын; литературон уацмысы эстетикон æнкъарæнтæ æмбарын; ирон адæмы национ культурæйы сæйраг миниуджытæ литературон тексты агурын.

Ирон адæмон сфæлдыстад у адæмы монон културæйы ахъаззаг хай. Уый у нæ адæмы «зонд æмæ зæрдæйы рухсæй нывæст». Фольклоры сыгъдæгæй зынынц царды нывæфтыд истори, фæлтæрты сагъæстæ æмæ бæллицтæ. Нæ фыдæлтæм нæ уыд фысгæ истори, фæлæ нын адæмон сфæлдыстад у ахсджиаг историон æрмæг, уый фæрцы базонæм ивгъуыд заманты цард. Фольклоры æппæт жанртæ дæр æвдисынц адæмы цард, сæ зонд, сæ хъуыдытæ, сæ цæстæнгас цардмæ, æрдзы фæзындтæм. Уымæ гæсгæ йын ис стыр зонынадон, хъомыладон æмæ эстетикон ахадындзинад.

Программæ стыр ахъаз уыдзæн ирон фольклор хуыздæр бамбарынæн, йæ сæйраг проблемæтæ йын бæстондæр раиртасынæн, адæмон сфæлдыстад ахуыр кæнынæн æхххуысгæнæг æрмæг, амонæг мадзал.

*Ахуырадон программæйы нысантæ æмæ хæстæ:*

- адæмон сфæлдыстады æппæт хуызтæ, йæ сæйраг жанртæ æмæ сæ миниуджытæ алывæрсыгæй равдисын;
- фольклор æмæ аив литературæйы хицæндзинад бамбарын кæнын;
- æппæт жанрты текстты бындурыл зонындзинæдтæ райсын;
- историон-хъайтарон традициты фæрцы æрыгон фæлтæрмæ хæццæ кæнын патриотизм æмæ гуманон æнкъарæнтæ, идейæтæ, нæртон дуджы идеалтæ;

- кæсыны æмæ ныхасы культурæ бæрзонддæр кæнын.

**2. Сæйраг домæнтæ скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм**

*Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:*

- адæмон сфæлдыстады сæрмагонд æууæлтæ, мидис æмæ хицæн миниуджытæ;
- фольклоры сæйраг хуызтæ æмæ жанртæ;
-текст æвзарын;
- уацмысты авторты цард æмæ сфæлдыстады тыххæй бæлвырд зонындзинæдтæ;
- аивадон ныв æмæ фæлгонц цы мадзæлттæй арæзт цæуынц, уый;
- хицæн литературон терминтæ.

*Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:*

- уацмысты тексттæ аив æмæ æмбаргæ каст кæнынмæ;
- фольклоры жанрты тексттæ арф æмбарын æмæ æнкъарынмæ;
- мифтæ æмæ истори кæрæдзийæ хицæн кæнынмæ;
- тексты мидис æвзарынмæ, хи ныхæстæй йæ дзурынмæ;
- архайджытæн характеристикæ дæттын, кæрæдзийыл сæ абарынмæ;
- уацмысы нывæфтыд æвзаджы рæсугъддзинад æмæ йæ аивадон гæнæнтæ æвзарынмæ;
- уацмыс æмæ йæ архайджыты тыххæй йæ хъуыдытæ зæгъын, цаутæн аргъ кæнын, цардимæ сæ бæттын

**6-æм къласы Ирон литературæйы Кусæн программæйы структурæ**

6-æм къласы ирон литературæйы Кусæн программæ арæзт у системондзинад æмæ наукондзинады принциптыл.

Программæйы бæрæггонд цæуынц, литературæйы теорийæ ахуырдзаутæ хъуамæ цы ног зонындзинæдтæ райсой, уыдон.

Æрмæджы равæрды хынцгонд æрцыдысты скъоладзауты кары хицæндзинæдтæ дæр.

Программæйы бæрæггонд æрцыд ахуыры азы сахæтты нымæц, алы темæйæн дæр дзы цас лæвæрд цæуы, уый.

Программæйы сæйрагдæрыл нымад цæуы коммуникативон компетенцитæ (арæхстдзинæдтæ), культурæамонынады (культуроведческая) компетенци рæзын кæнын.

Коммуникативон компетенци (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци – ирон литературæ ирон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; литературæйы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы культурæимæ, ирон ныхасы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

***Иумæйагæй ахуырадон предмет «Ирон литературæ»-йы сæйраг хæстæ сты:***

- литературон уацмысты бындурыл хъомыладон куыст кæнын;
- логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;
- скъоладзауты фæцалх кæнын хиуыл кусыныл, ирон литературæ хибарæй ахуыр кæныныл;
- иумæйаг ахуырадон арæхстдзинæдтæ рæзыныл куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон.

***Предметы хицæндзинад:***

Ирон литературæ у ирон адæмы уд æмæ зонд, ирон адæмы культурæйы хæзнадон; ирон литературæ у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Литературæ канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, литературæ у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ ирон литературæйы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад:

Ирон литературæ у ахуырадон хай «Филологи»-йы къабæзтæй иу, æнгом баст у ахуырадон предмет «Ирон æвзаг»-имæ. Ирон литературæ у скъоладзауты дзырдуат хъæздыг кæныны мадзал, сæ ныхасы культурæ, иумæйагæй коммуникативон арæхстдзинæдтæ рæзын кæныны фæрæз.

Ирон литературæйы фæрцы ахуырдзаутæ хуыздæр банкъардзысты дзырды эстетикон функци, фæцалх уыдзысты, хъуыдытæ æргом кæнынæн бæлвырд дзырдтæ ссарынмæ.

Программæмæ гæсгæ скъоладзаутæ базонгæ уыдзысты канд фольклорон æмæ литературон уацмыстимæ нæ, фæлæ ма литературæйы теорийы хицæн æмбарынæдтимæ дæр.

Ирон литературæ хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; ирон литературæйы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты адæмон сфæлдыстадимæ, ирон литературæйы хуыздæр уацмыстимæ.

Ахуырты рæстæг пайдагонд цæуы ахæм ахуырадон технологитæй:

-  скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсыны технологи (дифференциаци);
-  проблемон ахуыртæ;
-  информацион-коммуникацион технологитæ;
-  æнæниздзинад хъахъхъæныны технологитæ;
-  бæрæггæнæнты инновацион системæ, «портфолио»;
-  коллективон куысты хуызтæ (къæйттæй куыст, къордты куыст);
-  проектон-иртасæн технологи

**6 -æм кълœсы** программœ домы дарддœр дœр скъоладзауты кœсын œмœ дзурыныл ахуыр кœнын. Ахуырдзаутœ хъуамœ базоной текст œвзарын, йœ мидис рафœлгъауын œмœ йœ радзурын. Уыдонœн раттын хъœуы бœлвырд зонинœгтœ автор œмœ йе сфœлдыстады тыххœй. Лœмбынœг кœсын хъœуы йœ аивдзинады œууœлтœм. Уый сœраппонд, уацмыс œвзаргœйœ, амынд цœуынц хицœн терминтœ литературœйы теорийœ.

Ахуырдзаутœ хъуамœ базоной, аивадон ныв œмœ фœлгонц цы мадзœлттœй арœзт цœуынц, уыдон, хъуамœ иртасой нывœфтыд œвзаджы рœсугъддзинад œмœ йœ аивадон гœнœнтœ.. Скъоладзау хъуамœ базона уацмыс œмœ йœ архайджыты тыххœй йœ хъуыдытœ зœгъын, цаутœн аргъ кœнын, уыдон цардимœ бœттын.

**6 къласы программæйы мидис.**

***Адæмон сфæлдыстад.*** «Сослан æмæ Тары фырттœ», «Арвы айдæн», «Ох-ох æмæ мæгуыр лæджы фырт», «Цæхджын хойраджы аргъ», «Уастырджи æмæ æртæ æфсымæры», «Чермены зарæг», «Антъоны зарæг».

Дзыхœй дзургœ сфœлдыстады хуызтœ. Нарты кадджытœ. Сœ мидис. Нœртон дуджы идеалтœ. Ном œмœ намысы нысаниуœг. Нœ рагфыдœлты œхсœнадон царды œууœлтœ кадœджы. Æцœг œмœ œрымысгœ хабœрттœ. Сослан œмœ Сатанайы архайд. Зонды уœлахиз гуымиры тыхыл. Нарты кадджыты аивадон мадзœлттœ.

***Хетæгкаты Къоста.*** Къостайы царды хабæрттæ. «Балцы зарæг», «Сидзæргæс», «Марходарæг», «Дзæбидырдзуан»

**«Балцы зарæг».** Дзыллœйы сœрвœлтау иудзинадмœ сидт. Рухсмœ тындзын, рœстдзинад уарзын – поэты сœйраг домœнтœ рœзгœ уды раз. Æмдзœвгœйы оптимистон уаг.

**«Сидзæргæс».** Сидзœргœс œмœ сывœллœтты œвœрз уавœр. Мады катай йœ цотыл. Сœ фœсайœны фœлтœрœн – фидœн сын кœй нœй, уый œвдисœн. Хъызт зымœджы нывтœ – œмдзœвгœйы сœйраг хъуыды œргомгœнœг мадзœлттœй иу. Фыссœджы ахœст йœ хъайтартœм. Уацмысы бœрзонд эмоцион тых.

**«Марходарæг».** Басняйы мидис. Йœ бастдзинад адœмон œмбисондимœ. Йœ нысан – адœймаджы хъœнтыл (гуыбындзœл, фидисœмхиц, дыдзœсгом, œгад митœ) худын. Басняйы œвзаг, цыргъ диалог.

**«Дзæбидырдзуан».** Зебаты хъœу. Хœхбœсты вадат царды нывтœ. Ирон хœдзары фœтк. Зœронд Зураппы цœстœнгас ныфсхаст мœ лœгдзинадмœ. Зœлинœйы поэтикон сурœт. тедо – фœлтœрдджын цуанон. Йœ фœлгонц, йœ сœйраг œууœлтœ (ныфсхаст, хиуылхœцгœ, бысон, бинонтыл œмœ œмбœлттыл œнывыд). Хœххон œрдзы рœсугъддзинад, йœ бархъомыс адœймаджы царды. Кœронбœттœн нывы ирд ахорœнтœ.

***Гæдиаты Секъа.*** «Фæдзæхсын», «Мад æмæ фырт», «Зæрватыкк».

**«Фæдзæхсын».** Æмдзœвгœйы сœйраг хъуыды. Фыссœджы фœдзœхст йœ кœстœртœм. Мадæлон æвзаг æмæ чиныджы нысаниуæг дзыллæйы царды œмдзæвгæйы.

**«Мад æмæ фырт».** Рœстœджы барджытœ радзырды. Мœгуыр адœмы хъизœмœйраг цард. Æлдары фыдмитœ. Тугъан œмœ Маринейы тырныдзинад сœрибармœ. Сœ ныфсхаст. Сœ фыдœх цагъарадмœ. Радзырды сœйраг идейœ. Œрдзы нывтœ œмœ сœ ахадындзинад. Адœмон œмбисœндтœ уацмысы, сœ нысаниуœг.

**«Зæрватыкк».** Радзырды мидис. Цœрœг удгоймœгты хсœн хœстœгдзинад хъахъхъœнын, œрдзон «кœстœр œфсымœртыл» арм дарын. Аивадон параллелизмы нысаниуœг уацмысы: динамонœджы уаг – зœрваттыччы зœрдиаг фыдœбон йœ хœдзар œмœ йœ лœппынтыл. Уарзты зœрдиаг фыдœбон йœ хœдзар œмœ йœ лœппынтыл. Уарзты тых œмœ йœ фœстиуджытœ. Фыссœджы уайдзœф дурзœрдœ адœмœн.

***Брытъиаты Елбыздыхъо.*** «Уæрæседзау».

Уацмысы мидис. Йœ кофликт: патриархалон этикœйы хуыздœр œуууœлтœ фœсдзœуины « культурœмœ» ныхмœ œвœрдœй. Ирон лœджы фœзминаг миниуджытœ уацмысы: йе ддаг бакаст, адœмы хсœн хи дарыны фœтк, йœ царды œгъдау (куыст уарзын, хи фœллойœ цœрын, ныййарœджы буц дарын, фœрœзхъуагœн œххуыс кœнын, œндœр адœмты хордзинадтœ нымайын, уыимœ хи национ цœсгом œмœ œгъдауœн агъ кœнын). Муссœйы фœлгонц. уацмысы œвзаг-характеристикœ-йы мадзал.

***Кочысаты Розæ.*** «Гæды лæг». Уацмысы фольклорон бындур. Йœ идейон мидис – зонды уœлахиз. Умарханы фæлгонц ( амалджын, œрхъуыдыджын, хœларзœрдœ лœг) . Бынæттон (пъырыстыф, фидиуœг) хиуарзондзинад, сœ гуымиры ахаст адœммœ. Дуджы социалон –

цардыуагон барджытæ уацмысы. Мызылон æмæ Къомианы сурттæ. Архайды комизм, йæ æнæнхъæлæджы кæронбæттæн. Комедийы адæмон æвзаг.

***Илас Æрнигон.*** «Зарæг». «Челе».

**«Зарæг».** Æмдзæвгæйы хъуыды. Йæ автобиографион мидис. Хъысмæтæй æнæразыдзинады аххосæгтæ. Лирикон хъайтары быцæу ныхас цардимæ (булæмæргъимæ). Æмдзæвгæйы аивадон фæрæзтæ (поэтикон сидæн, риторикон фарст, антитезæ)

**«Челе»**. Радзырды мидис- зыд æмæ кæрæф лæджы хъысмæт. . Æмдзæвгæйы хъуыды. Уацмысы композицион арæзт. Челе – æхсæнадæй. Царды цин æмæ рæсугъддзинадæй иппæрд адæймаг. Фæллойы фæйнæхуызон нысаны. Национ – цардыуагон нывты ирд æрфыст. Авторы цæстæнгас йæ персонажмæ.

***Коцойты Арсен.*** «Цуанонтæ», «Саломи», «Цæукъа æмæ фыркъа».

**«Цуанонтæ»**. Радзырды мидис. Тедо æмæ Симоны царды уавæртæ. Сæ удыхъæды æнгæсдзинад. Сæ къуындæг миддуне æмæ сæ талынг зонды социалон æххосæгтæ. Юморы фæрæзтæ «чысыл адæймаджы» темæйы ранывæсты. Радзырды конфликт: мæгуыр, дæлдзиныг, фæлæ уæздан адæм æлдæртты гуымиры бархъомысы раз. Авторы цæстæнгас йæ персонажтæм.

**«Саломи».** Радзырды архайды рæстæг æмæ бынат. Лидзæг адæмы уавæр. Саломийы фæлгонц – йæ фидар удыхъæд, знæгтæм æнæуынондзинад. Уацмысы идейон мидис: худинаджы бæсты мæлæт. Радзырды сюжеты динамизм, йе взаджы экспрессии.

**«Цæукъа æмæ фыркъа» -** æрибарыл кады зарæг. Уацмысы символон – аллегорион мидис. Ныхмæвæрд фæлгонцтæ. Царды нысан æмæ амонды фарст. Таурæгъкæнынады алы хуызтæ (лирикон æрфыст, мидмонолог, монолог) æмæ уæлмонц интонации. Архайды динамизм.

***Гæдиаты Цомахъ.***«Æхсæрдзæн», «Дыууæ дидинæджы», «Царды уæз»

**«Æхсæрдзæн».**Æмдзæвгæйы идейон мидис. Царды гуылфæнмæ тындзыны хи хъысмæт дзыллæйы цардамондимæбæттыны пафос.Æхсæрдзæны æрдзон уынæр æвдисæг аив зæлты фæлхат.

**«Дыууæ дидинæджы».** Прозæйæ фыст æмдзæвгæйы аивадон темæ. Дыууæ дидинæджы фæлгонцтæ. Сæ быцæуы рахæцæн – цармæ фæйнæхуызон цæстæнгасы. Амонды фарст. Уацмысы сæйраг хъуыды: адæймаг рæсугъд у йæ хорз хъуыддæгтæй.

**«Царды уæз**». Бесо æмæ йæ бинонты фыдцард. Мæгуырдзинады æууæлтæ. Куыстуарзаг æмæ хæларзæрдæ лæджы катай йæ даринагты хъымæтыл. Бесойы æнæнхъæлæджы æрбайсæфт. Маринейы балц фæндаджы хицаумæ. Ус- хицауы царды фæрæзтæ æмæ йæ уагахаст æххуыс курджытæм. «Сомы гæбаз» - бонджыны хæрзаудæны ирд æвдисæн. Радзырды æвзаджы хицæндзинæдтæ.

***Барахъты Гино.*** «Бæстырæсугъды», «Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман».

**«Бæстырæсугъд».** Уацмысы сюжет. Канаты Афæхъо æмæ кæсгон æлдары фырт. Фысимты фæйнæхуызон ахаст дыууæ усгурмæ. Курдиат æмæ аивады тых. Бæстырæсугъды сурæт. уацмысы бастдзинад адæмон сфæлдыстадимæ. Фыссæджы социалон, этикон æмæ эстетикон идеал ацы новеллæйы.

***Нигер.*****«Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»**. Кадæджы идейон мидис. – фыдракæнды бафхæрд, рæстдзинады уæлахиз. Гуыйман æмæ Хъæсболы миниуджытæ. Кадæджы конфликт. Социалон дихдзинады мотивтæ. Æрдзы нывтæ æмæ сæ нысан.

***Хъуылаты Созырыхъо.*** « Æртындæсæй иумæ». «Таймуразы зарæг».

**«Æртындæсæй иумæ».** Радзырды темœ œмœ идейœ. Гуырдзиаг меньшевикты фыдмитœ Хуссар Ирыстоны мидхœсты азты. Æртындœс коммунары сгуыхт œмœ трагедион хъысмœт. Сœ иумœйаг зондахаст, рухс фидœныл œуусœндындзинад. Коммунарты коллективон сурœт. Джиоты Андрийы типикон фœлгонц. Таурœгъгœнœг – трагикон цауты œвдисœн œмœ аргъгœнœг.

**«Таймуразы зарæг».** Кадœджы мидис. Адœмон сфœлдыстадимœ бастдзинад. Таймураз – историон персонаж, йœ хъазуаты тох тыхгœнджытимœ. Мады фœлгонцы аивадон нысаниуœг. Лœгдзинад œмœ патриотизмы мотивтœ кадœджы.

***Дзесты Куыдзæг.*****«Хур скæсæнырдæм нæ ныгуылы».** Радзырды темœ. Дзанджы монументалон сурœт. Йœ характеры сœйраг œууœлтœ: œхсар œмœ намыс. Меньшевикты œнœуаг митœ. Дзанджы хъысмœты бœрзонд трагизм. Æрдзы нывты нысаниуœг. Уацмысы идейон мидис (œгады бœсты – мœлœт) œмœ аивадон фœрœзты œмиудзинад.

***Плиты Харитон.*** «Сæлимæт». Поэмæйы мидис.  Ресы хохы романтикон пейзаж. Меньшевикты фыдракœндтœ. Лигъдœтты хъизœмар. Адœм œмœ œрдзы иудодой. Стигъджыты къорды конрастон œрфыст (  сœуаг, сœ фœлыст, сœ фынг0 Сœлимœты фœлгонц. Йœ уынд , йœ удыхъœдды рсугъддзинад, йе сгуыхт. Поэмœйы лирикон ахаст. Йе взаджы аивдзинад.Сæлимæты фæлгонц. Йæ уынд, йæ уды рæсугъддзинад, йе'сгуыхт.

***Хъамбердиаты Мысост.*** «Хурмæ курдиат», «Хосгæрст», «Хъæды»

**«Хурмæ курдиат».** Лирикон хъайтары цœттœдзинад хи «рœзгœ цард» œмœ сфœлдыстад адœмы сœрвœлтау œрхœссынмœ.  Хур – сœрибар œмœ рухсы нысан.

**«Хосгæрст».** Куысты поэзии.  Хъаруджын уœнгты фидыц. Æмдзœвгœйы музыкалондзинад œмœ зœлфыст.

**«Хъæды».** Зымœджы пейзаджы хуызджын ахорœнтœ œмœ зœлфыст. Æрдз œмœ адœймаджы хсœн œххœст гармонийы сусœг œнкъарœн.

***Бесаты Тазе.*** «Æвзист идон». «Хæцæны».

**«Æвзист идон».** Чысыл Æхсары ныфс œмœ лœгдзинад. Йœ бœрнон ахаст хистœры фœдзœхстмœ. Œхсœвы тасыл фœуœлахизы цин. Ас лœджы уагахаст фœзмыны фœлтœрœнтœ. Авторы цœстœнгас йœ персонажмœ.

**«Хæцæны».** Радзырды мидис. Архайды райрœзт. Стуры тох йœ роды фервœзын кœныныл. Цœрœгойтыл арм  дарыны хъуыды.

***Мамсыраты Дæбе***. «Æрдхорд». Радзырды мидис.Малхазы фыдуагми œмœ йœ фœстиуджытœ. Лœппуйы мидхъуырдухœнтœ. Хœрзуагон – хъомыладон фарстатœ уацмысы : œнаххос лгыл дау кœныны тœригъœд, рœдыдыл басœттын, рœстдзинад дзурыны ныфс, œцœг хœлардзиад œмœ мœнгарддзинад œмœ аф. д.

***Дзадтиаты Тотырбег.*** Къостайы сабийы бонтæ. Скъуыддзаг роман «Хæххон стъалы»-йæ.Къоста – скъоладзау. Йœ фыдуаг митœ. Йе мгœрттимœ йœ ахастдзинœдтœ. Иуанейы бœхы атарды œфсон œмœ фœстиуджытœ. Адœмы маст Къостайы œфхрджытœм. Хъызмыдœйы характеристикœ. Чендзейы фœлгонц, сылгоймаг – хъомылгœнœджы сгуыхт. Зœронд Долœт œмœ гыццыл Къостайы хсœн хœлардзинад. Суинаг поэты рœзгœ уды œууœлтœ.

***Цæгæраты Максим.*** «Хъуыдинæйы галуан» . Таурæгъгæнæг Бæгъæгуыссæйы зæрдæ-исгæ фæлгонц. Йæ аивадон функцитæ. Таурæгъ мидис. Мад æмæ йæ цоты цард. Хъæбулы хæс. Галуан – дзыллæйы рахицæны символ. Уацмысы идейæ: адæмы фарн – лæджы царды фидар æнцой.

***Плиты Грис.*** «Æртхутæгдон». Æмдзæвгæйы темæ. Иссæйы сгуыхт хъуыддæгтæ. Йæ ахаст йæ хæстон бæхмæ. Уацмысы идейон – ритмикон арæзты иудзинад. Инæлар æмæ æфсады удхæстæгдзинад

***Цырыхаты Михал.*****«Фæндаг».** Царды раст фæндагыл слæууыны ахджиаг фарст. Æмдзæвгæйы идейæ: зындзинæдты сæрты – бæрзонд нысанмæ.

**«Ма йæм тæхут, хуры тынтæ…».** Æмдзæвгæйы темæ. Æрыгон чызджы буц фæлгонц. лирикон геройы æнкъарæнтæ. Куыстæй райгонд адæймаджы рæвг. Поэтикон сиднты аивадон нысаниуæг.

***Цæрукъаты Алыксандр.*****«Райгуырæн къона».** Фыдыуæзæг уарзыны темæ. Лирикон хъайтары цæстæнгас царды иууыл егъаудæр хæзнатæм (райгуырæн къона, ныййарæджы узæлд, хи къухвæллой) æндæр адæмты культурæйæн аргъ кæныны идейæ. Æмдзæвгæйы поэтикон фæрæзтæ.

**«Хæхтыл хурзæрин рæдау…»** Æмдзæвгæйы мидис . æрдзы нывтæ. Фæллойы цин – лирикон геройы зæрдæйы уаг æмæ поэтикон уынынады ратæдзæн.

***Дзаболаты Хазби.*** «Хуымæтæджы æцæгдзинад» Æмдзæвгæйы темæ. Райгуырæн къона æмæ мадæлон æвзаджы нысаниуæг лæджы царды.

***Гафез.*** «Ирон цагъд» Æмдзæвгæйы темæ. Ацырухсы уæздан æмæ сыгъдæг удыхъæд. Мæсыг – «таурæгъгæнæг», йæ аивадон нысаниуæг. Кадæджы лиризм.

**Сæйраг домæнтæ 6 къласы ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм**

**Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:**

- цы уацмыс ахуыр кæнынц, уый текст, йæ мидис; йæ цаутæ æмæ сæ рæзт (сюжет); сæ хъайтарты, уыдоны æууæлтæ æмæ æмæ ахастытæ;

-дзырдаивады хуызтæ: фольклорæй – миф, кадæг, таурæгъ, аргъау, зарæг; литературæйæ – радзырд, поэмæ, драмæ, æмдзæвгæ; аивадон фæрæзтæй – юмор æмæ сатирæ, сурæт æмæ фæлгонц, строфа æмæ рифмæ, эпитет, метафорæ, абарст, фæсномыг ныхас (аллегории), символ.

**Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:**

-алыхуызон текстæ раст, аив æмæ рæвдз кæсынмæ;

-цы уацмыстæ сахуыр кодтой, уыдоны мидис радзурынмæ; фæрстытæн бæстон дзуапп дæттынмæ;

-уацмысы мидис равдисынæн пълан саразынмæ, уыцы пъланыл цыбыр сочинении ныффыссынмæ;

-персонажтæн характеристикæ дæтттынмæ;

-хибарæй ( фæсурокты) цы уацмыстæ бакастысты, уыдон мидис радзурынмæ, уыдон тыххæй йæхи хъуыды зæгъынмæ;

| 1. | № | Урочы темæ | Сах. | Нымæц(пъланмæ гæсгæ) | Нымæц(уагъдæрцыд) |
|---|---|---|---|---|---|

-дзырдуатœй œмœ хрестоматийы

фиппаинœгтœй пайда кœнынмœ.

**Уацмыстæ наизусть ахуыр кæнынмæ:**

1. Хетæгкаты Къоста. *«Балцы зараег», «Сидзæргæс»*
2. Гæдиаты Цомахъ. *«Æхсæрдзæн», «Дыуую дидинæджы»*
3. Плиты Харитон. *«Сœлимœт»*
4. Хъамбердиаты Мысост. *«Хъæды»*
5. Плиты Грис. *«Æртхутæгдон»*
6. Цæрукъаты Алыксандр. *«Хœхтыл хурзæрин рæдау…»*

*Литерæтурæ:*

1. Джыккайты Ш. Ирон литературæйы истори (1917-1956). Ахуыргæнæн чиныг. – Дзæуджыхъæу, 2002.
2. Джусойты Н. История осетинской литературы. Кн. 1-ая, 2-ая. – Тбилиси, 1985.
3. Джикаев Ш. Осетинская литература. Краткий очерк. – Орджоникидзе, 1980.
4. Джыккайты Ш. Нæ разагъды лæгтæ. Сфæлдыстадон портреттæ. – Дзæуджыхъæу, 2000.
5. Ирон литературæ (1917-1956 азтæ). Хрестомати. 2-аг хай. – Дзæуджыхъæу, 1998.

**Къалендарон – тематикон пълантæ ирон литерæтурæйæ 6 – æм къласы.**
**Фыццаг афæдзырдæджы  къуыри 2 сахат(31 сах.)**
**Дыккаг афæдзырдæджы къуыри 1 сахаты( 20 сах.)**
**Æдæппæтæй  афæдзмæ 51 сахаты 2023-3024 ах.аз**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 1-9 | 1Разныхас;. Ирон адæмон сфаелдыстад.<br><br>2 . «Сослан аемае Тары фырттае».<br><br>3 Нарты аембисаендтае.<br><br>5. Таурæгъ «Арвы айдаен».<br><br>6.  Ох- ох аеме маегуыр лаеджы фырт.<br><br>«Цаехджын хойраджы аргъ»<br><br>7. «Уастырджи аемае аертае  аефсыиаеры»<br><br>8. «Чермены зараег», «Антоны зараег».<br><br>9. Адаемон сфаелдыстады саейраг хуызтае. | | | |
| | 10-10 | **Н/Р/К куыст. Нывæцæн хи равзæрст темæйыл (рацыд æрмæгæй)** | 1 | | |
| | 11-17 | 1.Хетаегкаты Къостайы  цард аемае сфаелдыстад, йае уацмысты мидис æмæ идейæтæ. «Балцы зараег»<br>Н/Р «Къоста мае уарзон фыссаег».<br>2. «Сидзаергаес»-.<br>3. «Сидзаергаес»<br><br>;4. «Марходараег»<br><br>5.»Дзаебидырдзуан». | 6 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 6. «Дзаебидырдзуан». | | | |
| | 18-22 | 1Гаедиаты Секъайы цард аемае сфаелдыстад.<br>2. «Мад аемае  фырт»-ы мидис.<br>3. «Мад аемае фырт».Адаемы тох сае бартыл.<br>4. Марине аемае Тугъаны хъысмаег (фыссынмае).<br>5Секъайы аемдзаевгаетае. | 4 | | |
| | 23-25 | 1.Брытъиаты Елбыздыхъо «Уаераеседзау». | 2 | | |
| | 26-27 | 1.Кочысаты Розае «Гаеды лаег каенае нае пъырыстыф саерра.»<br>2.Комеди.Юмор,Сатирае. | 2 | | |
| | 28-29 | Илас Арнигон «Челе».<br>2. « Челе-куыстуарзаг лаег». | 2 | | |
| | 30-31 | Коцойты Арсен «Цуанонтае».<br>«Саломи» «Цаеккъа аемае фыркъа». | 2 | | |
| | 32-34 | 1.Гаедиаты Цомахъы сфаелдыстад  «Ахсаердзаен».<br>2. «Дыууае дидинаеджы».<br>3.«Царды уаез» | 1<br>1<br>2 | | |
| | 35 | Барахъты Гино «Баестыраесугъд» | 1 | | |
| | 36-37 | Нигер «Уаехатаеджы фырт чысыл Гуыйман». | 2 | | |
| | 38-39 | !.Хъуылаты Созырыхъо «Артындаесаей иумае». | 2 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 2.»Таймуразы зараег», | | | |
| | 40-41 | 1.Дзесты Куыдзаег «Хур скаесаенырдаем нае ныгуылы».<br>2. «Хур скаесаены рдаем нае ныгуылы».. | 2 | | |
| | 42-43 | .1Плиты Харитон «Саелимает».<br>2.»Саелимает» | 2 | | |
| | 44-45 | 1.Хъамбердиаты Мысост «Хурмае курдиат»<br>2. «Хосгаерст» «Хъаеды» | 2 | | |
| | 46-47 | 1Дзадтиаты Тотырбег «Къостайы сабийы бонтае».<br>2. «Къостайы сабийы бонтае | 2 | | |
| | 48 | Н/Р/К Изложени скъуыддзаг «Къостайы сабийы бонтае»-аей | 1 | | |
| | 49 | 1Плиты Грис «Артхутаегдон». | 1 | | |
| | 50 | 1.Урок-зачет | 1 | | |
| | 51 | Фаелхат каенын. | 1 | | |
| | | | 1 | | |
| | 45-46 | 1.Плиты Грис « Мад»-хæсты азар æмæ адæмы хъысмæт.<br>2.«Иунаеджы кадаег. | 2 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |
| | 47 | Букуылты Алыкси «Авдадзы хос». | 1 | | |
| | 49 | Хъайтыхты Сергей «Ираед». | 1 | | |
| | 50 | Компьютерон тест рацыд аермаегаей . | 1 | | |
| | 51 | Каеронбаеттаен урок. | 1 | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |